**Приложение №1**
**к проекту «Къонахчун лар»**

**Заняти лакхарчу тобанехь «Обарг Зеламха»**



Лакхарчу тобанан кхетош-кхиорхо: Товзарханова А.Х.

**1алашонаш:**
1. Обарг Зеламха вовзийтар;
2. Г1ийлачунна,мискачунна г1о дан, тешаме хила 1амор;
3. Делан дуьхьа, мискачун дуьхьа ша д1адолийна г1уллакх чекхдаккха 1амор;
4. Турпалхойн сий-лерам бан 1амор;
5. Берийн довзар кхиор,дозуш долу къамел кхиор.

**Кхечу дешаран дакъошца з1е:** къамел кхиор, хаарш кхиор, физически кхиор, исбаьхьаллин хазаллица кхиор.

Кхетош-кхиорхочо д1ахьур йолу методически приемаш:
1) иллига ладог1ар;
2) ролик гайтар;
3) дешнаш т1ехь болх: ч1ир, г1одмийн такхор, шокьалеш, г1одмийн ц1ов;
4) къамел;
5) хаттарш;
6) аппликаци йар;
7) барт йешар.
**Гайтаман г1ирс:** ролик, суьрташ, кехат, къоламаш.

***Заняти д1айахьар***
Кхетош-кхиорхо:
-Х1инца, го, а беш, д1ах1уьттур ду вай.
*(Массара а цхьаьна олу.)*
1уьйре маьрша йог1ийла вайн!
Де беркате дог1ийла!
1аламо шен хазаллица
Б1аьрган нур деладойла!
Хьомечу ден а,ненан а
Дегнаш хьоьстийла вай!
Тешамечу доттаг1аллех
Йовхо вай оьцийла!
Дайн г1иллакхаш лар а деш,
Кханенга кхочийла вай!
**Кхетош-кхиорхо:**
-Бераш, х1инца дерриг охьаховша.
*(Хозуьту Зеламхех лаьцна илли.)*
**Кхетош-кхиорхо:**
-Бераш, и илли хазахийтира шуна?
-Хьан эра дара, хьанах лаьцна ду и илли?
- Вуьйцуш хезний шуна Зеламха?
-Ладог1а лаьий шуна, Зеламха мила хилла?
**Кхетош-кхиорхочун дийцар:** *(Видео-ролик гойтуш д1ахьо дийцар.)*

-Вайн махкахь г1араваьлла вевзаш стаг хилла обарг Зеламха. 1аьржочу аматахь волуш, ц1ен йогуш беснеш а йолуш, буьрса девлла даккхий мекхаш а, ц1оцкъамаш а долуш, хаза куц долуш вара Зеламха. Ша пхьоьхана воьдуш гуттара кечлой араволура иза, т1е г1овтал а йухий, йукъах шаьлта а йоьхкий. Доьзалехь ч1ог1а к1еда-мерза вара иза. Бераш дукхадезаш вара. Лулахойн кегий бераш хьоьстуш, арахь хиина 1ара ша мукъа волчу хенахь. Массарел а товш а, куц долуш а вара цуьнан ваша Солтамурд. Иза вайнехан ловзарга д1акхаьчча, цуьнга хьуьйсура мехкарий. Цхьана ловзаргахь йевзира Солтмурдана Зезаг. Ч1ог1а хаза йо1 яра Зезаг.Солтмурде маре ца йохуьйтуш, кхечу цавезачу стаге д1аелира Зезаг цуьнан дас Хушуллас. Оцу т1ехула дов делира Зеламхеран, Зезаг йигначеран доьзалшна йукъахь. Зеламхеран аг1ор масех стаг вийра. Ч1ир йоькъуш, Зеламхас царах цхьа стаг вийра.

Дешан т1ехь болх: Ч1ир- цхьаъ вийча, и д1адоькъуш дуьхьала стаг вер.

-Бехбоцуш 1едало бехке а бина, лаьцна д1абигира Зеламха а, цуьнан да Гушмазукъ а, цуьнан вешин ши к1ант а. Уьш набахкти чу боьхкира. Дукха ца 1ийра Зеламха набахтехь. Иза цигара ведира. Т1ейеана харцо бахьана долуш хилира Зеламхех обарг.

**Дешнаш т1ехь болх:** *Обарг (абрек)* - ц1а ван йиш йоцуш, ц1а веача 1едало лоцур волуш,лелар.

-Зеламха т1ехмайра, доьналла долуш, тешаме хиларна. Дукха наха г1о-накъосталла дора цунна. И волу меттиг 1едална д1а ца хоуьйтуш, и лаца 1едал дог1учу хенахь Зеламхе хаам беш, и к1елхьарволуьйтуш, ларвора цара. Мискачу нахана дукха г1о дора цо. Ша бехаш болчаьргара схьадаьккхина ахча, бахам, шена ца буьтуш я шен доьзална д1а ца луш,къечу, мискачу нахана д1асадоькъура цо.

Ч1ог1а когаш лозуш, могушвоцуш хилла, шен гергара стаг волчохь дарбанаш лелош вара Зеламха. Х1усамдас, шена пайда хир бу моьттуш, Зеламха волу меттиг 1едале д1ахаийтинера. 1едал Зеламха схьалаца деара. Ц1а чуьра сихха араиккхина Зеламха, шен г1овг1анаш ма хеззинехь. Топ кхетта белш лазийра цуьнан. Бешарчу г1одмийн такхора юкъа вуьйлира Зеламха. Цу буьйсанна цунна т1ебаха ца баьхьаш, сахиллалц цунна т1е тоьпаш етташ 1ийра салтий. Оцу такхорана йукъахь, г1евланга г1одамийн ц1ов биллина, йуьхьа т1е вертанан т1ам тесна,д1акхелкхира нохчийн къоман турпалхо Зеламха.

**Дешнаш т1ехь болх:** г1одамийн ц1ов- цкъа мара лаццал вовшехдихкина хьаьжк1ийн г1ад (ботва); г1одамийн такхор -хьаьжк1ийн ц1евнаш вовшийн т1етовжош ирах1иттор (сноп); шокъале-пуля.

-Дукха шерашкахь къийсам латтина Зеламхас паччахьо кхечаьргахь балочо балина дуьхьал. Паччахьан заманахь цхьана адаме цалабаллал дукха, къиза ницкъаш бина Зеламхина, набахти чохь валлийна, цуьнан доьзална набахти чохь баллош а, Сибреха бохуьйтуш а. Амма къар ца велла иза паччахьан 1едална, кхечаьргахьа, мискачуьнгахь г1о дохуш цо латтийначу къийсамех йуха ца ваккхавелла.

**Сада1аран миноташ:**

Зезаг, долу-у-у-уш самадели,
Тохадели, меттахдели.
Махо патарш лестадо,
Г1ийла зезаг техкадо.
Малх схьакхийти, айабели,
Бода лоллуш, серлайели.
Полла, г1оттуш, т1ома бьели,
Т1емаш лестош, лакхабели.

**Зеламхин сийдар.**

Хьалха хала а, къиза а хилла Зеламхин а, массо нохчийн халкъан а дахар, х1инца-м сирла, ирсе, парг1ат деха вай. Мел воккхавер вара Зеламха таханлера Нохчийчоь, шен махкахой гича!

Советан 1едал вайн махкахь д1ах1оьттинчу хьалхарчу шерашкахь Зеламхех лаьцна повесть йазйира х1иричо (осетино) Гатуев Дзахос, цуьнан буха т1ехь кино а йаьккхира.

Мамакаев Мохьмада а «Зеламха» ц1е йолу книга арахийцира.

Дукха книгаш, дийцарш, байташ йазйин, иллеш даьхна, кинош йаьхна Зеламхех лаьцна. Урамашна техкина ц1ерш, Веданахь, цхьацца меттигашкахь Зеламхина х1иттийна х1олламаш бу.

Ши б1е шо сов хан йаьлча, вайн махкахь хьехош, вуьйцуш, масаллина валош ву Зеламха.

Кхето-кхиорхо:

- Бераш, Зеламха ц1е йолуш цхьа вевзий шуна?
- Шуна хетарехь, х1унда техкина цара и ц1ерш?
- Вай йитина Зеламхин сийнна цхьа лар.

Зеламха буса, дийнахь, шелонехь, йовхонехь, ц1а верза йиш йоцуш лелла ву. Верта цунна 1ай, б1аьста гоьнан, йург1анан метта хилла ду. Вай хаза к1едачу метта, 1ай йовхочу чохь, б1аьста кондиционер латайой шийлачу чохь д1адуьйшу. Ткъа Зеламхин и таро ца хилла.

- Х1ун аьлла хета шуна, вай вертанан, куйнан суьрташ деххкина, уьш альбом йукъа деххкич, муха хир дара?

*Берашка суьрташ доххкуьйту шайн лаамехь вертанан, куйнан, шаьлтанан.*

*Суьртийн гайтам бо.*

*Суьрташ «Нохчийн къоман турпалхойно альбом» йукъа дохку, Зеламхин сурт т1е а лато.*

Жам1 дар:

- Муьлха нохчийн турпалхо вевзи вайна тахана?
- Муха аматаш дара Зеламхин?
- Муха хилира цунах обург?
- Муха г1о дора Зеламхас нахана?
- Турпалхо хетий шуна Зеламха?
- Муха сий-лерам бо турпалхочун Даймахко?

Бераш, вай тахана дийцинчух жам1 деш мог1анаш доьшур ду:

Цхьанне а вицлур вац нохчийн турпалхо.
Даим истори йукъахь и хир ву.

Иллешкахь дуьсур ду и буьрса денош
Дийцаршкахь - цо дина некъаш.